

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Modél *Picture Word Inductive* nyaéta salasihiji modél anu ngagunakeun kecap jeung gambar pikeun ngarangsang kamampuh nulis siswa dina mikir sacara induktif tina pamikiran spésifik (ku cara milih gambar jeung kecap) ka pamikiran umum (nyieun kekecapan anu disadiakeun jadi salasihiji karangan) Numutkeun (Firmansyah, 2022) kaonjoyan modél *Picture Word Inductive* nyaéta ieu modél téh ngarojong diajar nyieun kalimah, ngahasilkeun pamahaman ngeunaan nulis, ogé ngamekarkeun tulisan (jejer, kalimah jeung paragraf), ngaronjatkeun minat jeung kamampuh pikeun ngaékspresikeun ku cara nulis jeung ngamekarkeun gawé bareng diajar jeung batur dina kaparigelan nulis. Nulis mangrupa salasihiji kaparigelan basa anu kudu diajarkeun ka siswa. Ku cara nulis, siswa bisa nepikeun gagasan, pikiran, jeung perasaanana ka siswa séjén. Sabab nulis mangrupa alat komunikasi teu langsung anu diébréhkeun ngaliwatan média tinulis. Pangalaman pribadi mangrupa hiji pangalaman anu karandapan ku unggal jalma dina kahirupanana. Pangalaman anu kalakonon bisa mangrupa pangalaman anu sedih, gumbira jeung sajabana (Wijiati, 2021) nétélakeun yén pangalaman pribadi nyaéta hiji kajadian anu kungsi kaalaman ku diri sorangan di mangsa katukang. Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kamampuh nulis pangalaman pribadi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Picture Word Inductive*. Metode dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kuasi ékspérimén kalawan desain *One Group Pretest-Posttest Design*. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta ka siswa Fase D (Kelas VII-C) di SMP Pasundan 6 Bandung Jln. Kliningan III No. 11A Kota Bandung.

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran kamampuh nulis pangalaman pribadi ka siswa Fase D (Kelas VII-C) SMP Pasundan 6 Bandung taun ajar 2023/2024, ieu hasil panalungtikan téh bisa dicindekkeun saperti ieu di handap:

Kamampuh nulis pangalaman pribadi ka siswa Fase D (Kelas VII-C) SMP Pasundan 6 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh ngagunakeun modél *Picture Word Inductive* kagolong kana kritéria “cukup hadé” (rata-rata peunteuna 62,62). Hartina siswa kurang mampuh kana nulis pangalaman pribadi. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspék anu masih kurang tina peunteun maksimal, nyaéta (1) eusi karangan 15,82 tina peunteun maksimalna 30, hartina siswa can bisa mahan kana eusi jeung can bisa ngamekarkeun kecap konci ogé can bisa ngaruntuykeun eusi caritana. (2) organisasi karangan 14,35 tina peunteun maksimalna 20, hartina gagasan anu diébréhkeun cukup, runtuyanana cukup logis jeung teu kohésif. (3) kosa kecap 14,29 tina peunteun maksimalna 25, hartina dina milih kecapna kawatesanan jeung ngagunakeun kosa kecapna remen salah anu ngabalukarkeun ma'nana ogé salah. (4) adegan basa 15,59 tina peunteun maksimalna 25, hartina siswa masih kénéh hésé dina ngagunakeun jeung nyusun kalimah sederhana, kasalahan tata basa ma'na na ogé teu luyu jeung basa. (5) éjahan jeung diksi 2,56 tina peunteun maksimalna 5, hartina siswa henteu ngawasa kana aturan tulisan, loba kasalahan éjahan, tulisan kurang bisa dibaca, teu cukup pikeun diajén.

Kamampuh nulis pangalaman pribadi ka siswa Fase D (Kelas VII-C) SMP Pasundan 6 Bandung taun ajar 2023/2024 sanggeus ngagunakeun modél *Picture Word Inductive* kagolong kana kritéria “hadé pisan” (rata-rata peunteuna 84,21). Hartina siswa mampuh kana nulis pangalaman pribadi . Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspék anu masih kurang tina peunteun maksimal, nyaéta (1) eusi karangan 22,24 tina peunteun maksimalna 30. Hartina siswa geus mahan pisan kana mekarkeun kecap koncina luyu jeung judul atawa téma sarta pasualana anu dipedar. (2) organisasi karangan 18,91 tina peunteun maksimalna 20, hartina gagasan anu diébréhkeun jéntré, mundel, rapih, runtuyanana logis jeung kohésif. (3) kosa kecap 19,15 tina peunteun maksimalna 25, hartina kecap anu dipaké éféktif, milih jeung ngébréhkeun kecapna merenah jembar sarta ngawasa kana pangwangunan. (4) adegan basa 20,26 tina peunteun maksimalna 25, hartina siswa geus ngawasa pisan kana tata basana, saeutik kasalahan dina maké jeung nyusun kalimah ogé basa anu dipakéna. (5) éjahan jeung diksi 3.65 tina peunteun maksimalna 5, hartina siswa masih kénéh kurang ngawasa kana aturan tulisan, sering kajadian salah éjahan jeung ma'nana.

Aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Picture Word Inductive* katitén tina rata-rata *pretest* anu dicangking ku siswa nyaéta 62,62, sedengkeun rata-rata *post-test* anu dicangking ku siswa nyaéta 84,21. Béda kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa Fase D (Kelas VII-C) SMP Pasundan 6 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Picture Word Inductive* dibuktikeun dina uji hipotésis. Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji *non-parametric Wilcoxon*. Nilai signifikansi (Asymp. Sig. 2-tailed) nyaéta nyaéta $0,00 < 0,05$. H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara nilai *pretest* jeung *post-test*. Modél *Picture Word Inductive* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi ka siswa Fase D (Kelas VII-C) SMP Pasundan 6 Bandung taun ajar 2023/2024. Katitén modél *Picture Word Inductive* mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi dina unggal aspék. Dina aspék eusi karangan rata-rata *pre-test* 15,82 ngaronjat jadi 22,24 dina rata-rata *post-test*. Dina aspék organisasi rata-rata *pre-test* 14,35 ngaronjat jadi 18,91 dina rata-rata *post-test*. Aspék kosa kecap *pre-test* 14,29 ngaronjat jadi 19,15 dina rata-rata *post-test*. Tuluy aya aspék adegan basa rata-rata *pre-test* 15,59 ngaronjat jadi 20,26 dina rata-rata *post-test*. Aya deui aspék éjaan rata-rata *pre-test* 2,56 ngaronjat jadi 3,65 dina rata-rata *post-test*. Kitu deui rata-rata peunteun *pre-test* 62,62. Ieu rata-rata peunteun *pre-test* kagolong kana kritéria cukup “hadé”, sedengkeun dina rata-rata peunteun *post-test* ngaronjat jadi 84,21. Hartina, ieu kelas geus kagolong kana kritéria “hadé pisan”. Jadi modél *Picture Word Inductive* bisa ngaronjatkeun kamampuh dina pangajaran nulis pangalaman pribadi.

5.2 Implikasi

Modél *Picture Word Inductive* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi, larapna modél *Picture Word Inductive* meunang sawangan positif ogé ditarima ku siswa jeung guru. Dina prak-prakanana ieu modél bisa ngirut jeung pikaresepeun pikeun siswa, lantaran aya peran siswa dina ieu modél *Picture Word Inductive*.

Ku kituna modél *Picture Word Inductive* miboga poténsi pikeun siswa diajar mikir kritis, wani ngébréhkeun naon-naon nu aya dina pikiranana, kréatif, jeung mantuan siswa ngageuing imajinasi dina diajar, lantaran dina prosés diajarna ngaliwatan gambar nu aya dina modél *Picture Word Inductive* anu bisa mantuan ogé ngirut ka siswa sangkan leuwih gampang maham matéri pangajaran nulis pangalaman pribadi kalayan suasana anu teu monoton.

5.3 Rékomendasi

Sanggeus ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis pangalaman pribadi ngagunakeun modél *Picture Word Inductive*, aya sawatara rékoméndasi sangkan panalungtikan kahareupna leuwih alus sarta aya kamajuan dina prosés diajar jeung ngajar anu baris ditepikeun saperti ieu dihandap:

- 1) Modél *Picture Word Inductive* bisa dijadikeun bahan alternatif ku guru dina pangajaran nulis pangalaman pribadi, lantaran tina hasil panalungtikan, modél *Picture Word Inductive* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi.
- 2) Dina ngalarapkeun modél *Picture Word Inductive* aya sababaraha hal nu kudu diperhatikeun nyaéta:
 - a. Pilih gambar nu jelas, alus, jeung ngirut ka siswa. Perhatikeun ogé ukuran gambarna;
 - b. Nalika ngagunakeun modél *Picture Word Inductive* kudu merhatikeun situasi jeung kondisi tempat, waktu sarta anu pernah karandapan ku siswana sorangan.
 - c. Guru kudu nyieun suasana nu interaktif, nyaéta aya komunikasi antara guru jeung siswa
- 3) Milih modél *Picture Word Inductive* kudu leuwih interaktif, kréatif jeung inovatif disagédéngkeun éta kudu saluyu jeung matéri nu baris ditepikeunana.
- 4) Siswa kudu leuwih dilatih nulis ngagunakeun aturan nu luyu jeung palanggeran basa Sunda, sarta kudu ngahudangkeun deui minat jeung karesepna kana basa Sunda

- 5) Dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa nambahan widang paélmuan ogé perlu diayakeun deui panalungtikan anu ambahanana leuwih lega, pikeun dijadikeun bahan tinimbangan panalungtik séjénna.